



**Parent
Club**



Elve timoun se travay ki pi enpotan e an menm tan li kapab travay ki pi difisil nan mond lan. Pou rann sa pi fasil, The Children's Trust ap mete tèt ansanm ak ekspè nan zafè paran, Miami-Dade Public Schools ak Miami-Dade Public Library System pou kreye atelye ak resous sou entènèt GRATIS dapre prensip nesesè pou elve timoun ki kapab reyisi, ki an bòn sante e ki gen kè kontan. Nap invite tout paran oubyen moun kap pran swen timoun jiska laj de 16 zan pou enskri nan The Children's Trust Parent Club la, kote ou ap kapab poze kesyon, pataje eksperyans ou, konekte ak lòt paran e aprann nouvo metòd pratik pou eseye lakay ou.

Atelye nou ofri yo kouvri anpil sòt de sijè ki kapab sipòte e ogmante konpetans ou kòm paran, ba ou enfòmasyon sou kòman timoun ou ap grandi ak etap developman li yo, ba ou zouti pou elve timoun/adolesan ki konpetan ak anpil lòt sijè enteresan. Atelye yo va swiv fòma sila:

- 1 Atelye yo dire 60 minit e yo disponib nan lang anglè, espanyòl ak kreyòl ayisyen.
- 2 Moun kap dirije atelye yo ofri koneksyon pèsònèl ak lot sipò pou paran.
- 3 Atelye yo fèt nan jou ak lè ki fleksib tankou aprèmidi, aswè ak nan weekend.
- 4 Sou entènèt oubyen an pèsòn nan plizyè lokal andedan Miami-Dade.
- 5 Genyen gadri gratis nan majorite lokal an pèsòn yo pou timoun 3 a 12 zan ak lòt akomodasyon espesial ki nesesè.
- 6 Snacks gratis nan lokal an pèsòn.
- 7 Chans pou genyen nan raf apre atelye sou entènèt oubyen an pèsòn.



Pou plis enfòmasyon
e pou anrejistre
TheChildrensTrust.org



FIU Center for
Children and Families
FLORIDA INTERNATIONAL UNIVERSITY

UHealth
UNIVERSITY OF MIAMI
MILLER SCHOOL
of MEDICINE



miami-dade
public
library
system